

Ki sa Adenomyòz nan matris ye?

Adenomyòz nan matris lakòz gwo doulè ak anpil san pandan yon moun gen règ li. Se lè selil ki nòmalman liy matris la grandi nan pawa yo nan matris la pito. Sa fè matris la vin pi gwo.



Kisa ki siy adenomyòz nan matris?

Siy komen oswa sentòm yo se:

- Senyen anpil pandan règ yon moun
- Doulè pandan règ yon moun
- Doulè anba ti vant

Moun ki gen adenomyòz nan matris ka gen lòt pwoblèm ki afekte matris la, tankou andometriyoz. Andometriyoz fè selil yo ki nòmalman andedan matris la grandi andeyò matris la.

Kouman pou mwen konnen si mwen gen adenomyòz nan matris?

Pa gen okenn tès ki ka di ou san pou san si ou gen adenomyòz nan matris. Pou chèche konnen ki sa ki ka lakòz sentòm ou yo, doktè ou ka bay kòmande:

- Yon **iltrason oswa IRM** ka pran foto matris ou. Sa ap ede doktè ou wè si matris la pi gwo pase nòmal, oswa si gen siy adenomyòz nan pawa matris la.

Kouman yo trete adenomyòz nan matris?

Isterektomi (operasyon pou retire matris la) se sèl tretman ki pwouve pou adenomyòz.

Tretman pou ede ak pwoblèm senyen anpil:	Tretman pou ede ak règ ki fè mal:
<p>IUD yo se yon kalite planin doktè ou mete nan matris ou. IUD ki degaje pwojesten òmonal ka ede ak pwoblèm senyen anpil.</p> <p>Ablasyon andometri se yon operasyon ki lakòz sikatris nan pawa matris la, ki ede ou senyen mwens lè ou gen règ ou.</p> <p>Anbolizasyon atè matris se yon operasyon ki bloke rezèv san nan matris la.</p>	<p>Medikaman pou doulè, tankou ibipwofèn (non mak: Advil, Motrin).</p> <p>Grenn planin.</p> <p>Leuprolide (non mak: Lupron, Eligard). Sa a se yon medikaman ki lakòz ovè ou yo sispann kreye òmòn sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none">• Estwojèn• Pwojestewòn

E si mwen vle vin ansent?

Si ou vle vin ansent, ou **pa ta dwe** fè yon isterektomi, ablasyon andometri, oswa anbolizasyon atè matris. **Pale ak doktè ou sou opsyon tretman ki pi bon pou ou a.**